



Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ROCHESTER AK NEWARK KÒM GAYAN 10
MILYON DOLA NAN FINGER LAKES NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV
REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou
revitalize zòn yo anba lavil la*

***Envestisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji
global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Rochester, Konte Monroe ak Vilaj Newark, Konte Wayne, pral resevwa 10 milyon dola chak nan finansman kòm gayan Rejyon Finger Lakes nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejon devlopman ekonomik reyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Envesti nan anba lavil nou yo enpòtan pou relanse rekiperasyon New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Prim sa yo pral ranfòse Rochester ak Newark pou abitan ak vizitè yo kapab jwi tout sa zòn sa yo gen pou ofri. Finger Lakes se yon rejyon ki plen ak istwa ak atraksyon epi mwen pa ka tann pou m wè kijan gayan sa yo pral itilize lajan yo a pou mennen kominote nou yo nan pwochen nivo a".

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Pandan nou kontinye
rekipere nan COVID-19, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a
se yon zouti enpòtan pou ede kominote yo nan Empire State
rekipere. 20 milyon dola nan finansman ki te bay ak Rochester ak
Newark pral ede kominote sa yo atenn plis katye dinamik ak
ranfòse ekonomi yo apre COVID-19".**

Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS), DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redvelopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa a, Gouvènè Hochul te double finansman soti

nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola yo oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman transfòmatè ak katalizè anba laval. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis envestisman prive ak publik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba laval la. Atravè DRI a, Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), y ap bay benefisyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sèr yo a 85 pouzan disi 2050.

Revitalizasyon Anba Lavil Rochester

DRI Rochester a pral konsantre sou transfòmasyon zòn ki te degrade depi lontan nan sant anba laval la nan kote nò Main Street nan Clinton Avenue jiska Rivyè Genesee. Avèk ogmantasyon 17% popilasyon an depi 2010 ak 50% popilasyon an ki gen 20-34 ane, anba lavil Rochester te wè gwo envestisman prive ak publik nan dènye 15 ane yo, sa gen ladan nouvo lojman, otèl, amelyorasyon nan sant konvansyon, plizyè biznis teknoloji avanse ak enkibatè pou estimile Zòn Inovasyon Anba Lavil k ap devlope, ak yon renesans bò dlo vil la gras ak plizyè douzèn pwojè ki fè pati inisyativ ROC The Riverway Eta a sipòte. Sepandan, blòk Main ak Clinton lan bezwen reyamenajman ijan pandan pwogrè yo ap kontinye ozalantou li. Plan gayan an pral ede amelyore peyizaj ak espas publik yo, modènize anviwònman ki konstwi a ak ogmante aksè/koneksyon pyeton pou katalize plis envestisman nan zòn lan, pote dènye touch nan revitalizasyon anba lavil vil la, kreye yon Rochester ki renètkote plis moun pral vle viv, travay ak jwe.

Newark

Anba Lavil Newark se yon zòn konpak, aksesib a pye ak konsantre ke vilaj la vize fè bat kè yon vilaj vivan, klas mondyal ak sant kiltirèl ak komèsyal rejyon Finger Lakes avèk Kanal Eri k ap sèvi tankou sant komès vilaj la. Avèk plizyè gwo enstiitisyon ankray ak kwasans travay kontinyèl, Newark te wè apeprè 220 milyon dola ki te envesti nan vilaj la pandan 10 dènye ane yo. Yon pwosesis angajman publik solid te mennen vilaj la nan idantifye bezwen pou developman ki gen itilizasyon miks, plis lojman pou mendèv ak moun aje yo, ak nouvo espas pou lwazi alenteryè ak byennèt ki konsantre sou itilize espas nan Kanal Erie a.

Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes yo (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Rochester ak Newark kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;

- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantiite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevelopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan envestisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Rochester ak Newark rejwenn kounye a Vil Geneva, Batavia, Penn Yan ak Seneca Falls, ki te gayan Rejyon Finger Lakes nan premye kat faz DRI yo, respektivman. Kounye Rochester and Newark pral kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Komite Planifikasyon Lokal yo (Local Planning Committee) ki konpoze ak reprezantan minisipal, lidè kominotè ak lòt pati ki konsène yo ap dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a. Plan Envestisman Estratejik yo ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki ale nan menm sans ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik yo ap gide envestisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize epi ogmante envestisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Sekretè Eta Pwovizwa, Brendan C. Hughes, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede revigore ekonomi pou Rochester ak Newark nan kapitalize sou dènye envestisman yo ki te fèt nan chak anba lavil. Depatman Deta a pa ka tann pou travay ak chak kominote pou elaji enpak Eta a nan fason ki eksplwate envestisman prive yo pou kreye plis opòtinite pou rezidan, biznis ak vizitè yo isit la nan Finger Lakes".

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Envestisman DRI yo ap ede revigore anba lavil katye yo ozalantou Eta New York, ki reflete yon eleman esansyèl nan estrateji devlopman ekonomik nou. Prim 10 milyon dola sa yo pou Rochester ak

Newark pral katalize pwojè transfòmatè ki konsevwa pou ankouraje devlopman biznis yo, kreyasyon travay ak pwomouvwa touris—tout sa yo k ap mennen nan yon avni ki meyè pou kominote dinamik sa yo".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap kapitalize sou resous yo nan kominote a, estimile devlopman ekonomik lokal ak ensite plizyè moun pou ranfòse katye yo ak amelyore Main Streets yo. Envestisman 10 milyon dola nan Rochester ak Newark la pral fè kominote sa yo vin pi bon, pi abòdab ak kote ki pi dinamik pou moun viv ak travay. HCR fyè pou li fè pati inisyativ sa a epi nou pa ka tann pou nou wè enpak envestisman sa a pral genyen sou Finger Lakes".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "NYSERDA kontan fè patenarya avèk DOS pou bay sipò teknik pou Rochester ak Newark ak tout gayan revitalizasyon anba lavil yo pandan y ap avanse nan reyamenajman dirab. Enjeksyon sipò pou Rejon Finger Lakes lan ak pwojè ki dekoule de sa yo pral gen ladan estanda sou efikasite enèji ak netralite kabòn ki enpòtan pou satisfè objektif New York pou redui emisyon ki lye ak chanjman klimatik yo".

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Jodi a, nou selebre Rochester ak Newark pandan y ap rejwenn apeprè 20 lòt kominote nan koridò Kanal la nan resevwa finansman estratejik atravè pwogram Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a. Pandan apeprè 200 ane, Kanal Erie ak sistèm Kanal la se te motè devlopman ekonomik, ki pèmèt kominote yo devlope ak pwospere sou yon kolye vwa navigab, epi envestisman ki te fèt yo garanti anba lavil yo a".

Senatè Jeremy Cooney te deklare, "Mwen te vwayaje nan eta a pou rankontre avèk majistra yo konsènan revitalizasyon iben nan reyon nò eta a. DRI prezante kòm youn nan meyè motè ekonomik pou devlopman anba lavil. Seleksyon Rochester kòm yon gayan DRI 10 milyon dola se yon gwo viktwa pou moun nan vil nou an. Prim lan pral ranfòse envestisman ki reyalize nan Rochester depi plizyè ane pase nan amelyore peyizaj lari ak espas publik nou yo ki pral yon motè ekonomik pou renouvelman sant vil nou an. Felisitasyon pou tout moun ki te kreye aplikasyon gayan sa a. Mwen pa ka tann pou mwen fè patenarya avèk Majistra Eli nou an pou grandi ak devlope anba lavil Rochester".

Senatè Samra Brouk te deklare, "Seleksyon Rochester kòm yon gayan 10 milyon dola nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon siksè vital pou zòn nou an. Avèk apeprè mwatye nan popilasyon nan zòn anba lavil nou an ki gen mwens pase 34 ane, se san dout yon gwo envestisman nan lavni popilasyon jèn Rochester a. Prim sa pral ranfòse envestisman ki reyalize nan Rochester depi plizyè ane pase nan amelyore lari, twotwa ak lòt espas publik nou yo pou tout rezidan ak vizitè yo jwi. Mwen felisite tout sila yo ki enplike nan kreye aplikasyon gayan sa a epi mwen pa ka tann pou m wè vizyon vil la ki tounen reyalite".

Senatè Pam Helming te deklare, "Felisitasyon ak Vilaj Newark, Majistra Taylor ak tout sila yo ke angajman ak travay di yo te mennen nan anons jodi a. Envestisman sa a pral ede akselere revitalizasyon anba lavil la, sipòte kwasans ekonomik ak fè avanse pwogrè transfòmatè ki te fèt nan Newark pandan ane pase yo. Se onè mwen pou m yon patnè nan Vilaj la nan inisyativ sa a epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak ajans yo nan eta a pou patenarya yo tou. Se yon gwo jou pou fanmi k ap viv isit la, biznis ki grandi isit la, touris ki vwayaje vin isit la ak tout sila yo ki renmen vilaj Newark ak pèmèt li avanse".

Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Gouvènè Adjwen Benjamin ak tout ekip la nan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la dèsk yo rekonèt potansyèl pou devlopman koridò Main Street-Clinton Avenue. Kòm Prezidan Komite Developman Ekonomik Asanble a, mwen konnen enpak transfòmatè prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la kapab genyen pou yon kominote epi sa li pral vle di pou biznis, mendèv ak devlopman lojman anba lavil la. Main ak Clinton se kafou pou plan reyamenajman nou yo epi finansman sa a pral pèmèt kontinyasyon travay vital sa a".

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Anons jodi a se bon nouvèl pou Rochester! Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te ede minisipalite yo nan tout rejyon an pou relanse kwasans ekonomik. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèsk li pote prim transfòmatè sa a pou Rochester ak tout moun ki te travay nan inisyativ sa nan nivo lokal. Felisitasyon!"

Manm Asanble Sarah Clark te deklare, "Anons jodi a se yon viktwa pou popilasyon Rochester ak rejyon gran Finger Lakes. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te ede anpil kominote nan eta a pou lanse inisyativ reyamenajman ekonomik endispansab yo nan sant vil yo epi Rochester pral benefisyé pwogram sa a anpil. Mwen eksite pou m jwi espas publik transfòme ak peyizaj lari sa yo ki pral yon katalizè tou pou novo kwasans ekonomik. Mèsi Gouvènè Hochul pou envestisman ou nan devlopman rejyon nou an epi mwen pa ka tann pou nou travay ansanm sou pwojè alavni yo".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Yon envestisman 10 milyon dola pral kontribiye anpil nan ede Newark baze sou plan revitalizasyon li an pou pote opòtinite devlopman ekonomik nan zòn lan. Atravè prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a, Newark pral kapab sipòte novo biznis yo, kreye lojman siplemantè ak novo zòn Iwazi nan Kanal Erie. Mwen felisite tout sila yo ki enplike nan kreye aplikasyon gayan sa a epi mwen pa ka tann pou m wè pwogrè Newark pral fè nan yon avni ki pwòch".

Majistra Rochester, James Patrick, te deklare, "Anba Lavil Rochester kontinye retou enteresan li jodi a gras ak Gouvènè Hochul. 10 milyon dola sa a ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la baze sou sikse nou pou pote Constellation Brands lakay, tout pwojè Roc the Riverway nou yo, re-enèjize Parcel 5 ak renovasyon konplè Lès Main Street nou an. Rochester ankò se vrè jwayo rejyon Finger Lakes epi sa se gras ak gwo patenarya nou avèk Empire State Development ak Eta New York".

Majistra Eli Rochester, Malik Evans, te deklare, "Transfòme anba laval nou an pou tounen yon kominote dinamik san degradasyon ak debòde avèk opòtinite se youn nan priyore prensipal mwen yo. Mwen rekonesan pou administrasyon Hochul dèske li fè patenarya avèk Rochester pou fè anba laval nou an tounen yon plas vivan, chaje ak espwa. DRI pral pèmèt nou akselere dinamis sa a".

Majistra Newark la, Jonathan Taylor, te deklare, "Nou kontan anpil ke Vilaj Newark te seleksyone kòm gayan Inisyativ Revitalizasyon Anba Laval la. Avèk envestisman 10 milyon dola sa a, nou pral kontinye kapitalize sou pwoksimite nou ak Kanal Erie epi ajoute dinamis nan vilaj nou an. Mwen trè rekonesan pou manm yo nan kominote nou an dèske yo ede rann anons sa a posib, ak Gouvènè Hochul dèske li kwè nan Newark. Mwen pa ka tann pou m travay avèk anpil pati konsène yo nan vilaj nou an pou elabore yon lis pwojè ki pral ede revitalize Newark plis toujou".

Egzekitif Konte a, Adam Bello, te deklare, "Anba Laval Rochester nan mitan yon transfòmasyon remakab, ki atire nouvo travay, aktivite ekonomik, devlopman ak rezidan, men ou pa t ap konnen sa kounye a sèlman nan gade pati nòdwès Main ak Clinton lan. Finansman vital sa a ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Laval la pral ede nou refè youn nan kwen nan anba laval nou an ki pi degrade pandan n ap chèche rekipere anba pandemi COVID-19 la. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak Gouvènè Adjwen Benjamin pou envestisman kontinyèl yo nan vil nou an. Yon Rochester solid pèmèt tout Konte Monroe vin pi solid".

Ko-Prezidan Developman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Rochester ak Doktè Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare, "FLREDC fyè anpil pou li sipòte Vil Rochester ak Vilaj Newark nan avni eksitan yo a. Plan estratejik sa yo ki konsantre sou kominote a pral benefisyé rezidan ak vizitè yo. 20 milyon dola nan finansman DRI a pral ede alimante yon seri pwojè sible, transfòmatè, ki ankouraje kwasans ekonomik ak kreye zòn anba laval ki dinamik nan toude kominote mèveye sa yo kote popilasyon an vle viv, travay ak jwe".

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Laval la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba laval yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Dirije pa Depatman Deta a, inisyativ la reprezante yon estrateji plan aksyon san parèy ak inovan ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon imedya, ki pote avèk li yon ekip entè-ajans ekspè eta a pou sipòte kapasite gouvènman lokal la nan reyalize vizyon kominote pa yo.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba laval yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redvelopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèny Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a

dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizayon avanse ak maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou sipòte devlopman ekonomik dirab, ranvèse chanjman klimatik, ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emision gaz a efè sèr yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirité, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resewwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Devlopment, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)